# Mámleketimizde ótkerilip atırǵan sport jarısları

Mámleketimizde ótkerilip atırǵan sport jarısları

Jaslardıń bos waqıtların mazmunlı ótkeriw, qábiletlilerin ele de jaqsılaw maqsetinde ótkerilip atırǵan ǵalabalıq sport ilajları jas áwladtıń hár tárepleme bárkámal bolıp jetilisiwine xizmet etedi.

Házirde sport jarıslarına eń shetki aymaqlardaǵı jaslardı da qamtıp alıw boyınsha bir qatar jumıslar ámelge asırılmaqta. 2023-jilda Qaraqalpaqstan Respublikasında ótkerilgen tańlaw hám jarıslarda 426 666 jas qatnasıp, sonnan 300 den aslam jigit-qızlar respublikalıq basqıshqa jollama aldı. Sonday-aq, máhelle jasları menen bir qatarda "Jaslar hápteligi", "Hayal-qızlar hápteligi", "Nuraniyler hápteligi", "Bilimlendiriw mákemeleri hápteligi" hám «Ǵalabalıq dene shınıqtırıw shınıǵıwlari» sheńberinde ótkerilgen ilajlarǵa bolsa jámi 147 774 qatnasıwshı qamtıp alındı.

Olimpiadanıń birinshi máwsimi Respublikalıq final basqıshlarında Qaraqalpaqstan Respublikası komandası jámi 29 sport baǵdarı boyınsha jámi 37 medaldı (10 altın, 16 gúmis, 11 qola medal) qolǵa kirgizip, ulıwmalıq esapta Respublika boyınsha 3-orındı alıwǵa eristi. Bunıń nátiyjesinde aymaǵımızǵa 7 sport maydanshasın qurıw ushın sertifikatlar utıp alındı.

Bul processler bolsa óz ornında máhellede jaslardı sport penen shuǵıllanıwǵa, olardı fizikalıq jaqtan salamat bolıp ósiwinde xizmet etip atır. Búgin hár bir máhállelerde sport jarısları, qurılıp atırǵan jańa sport maydanshaları arqalı jaslarǵa berilip atırǵan itibardı kóriwimiz múmkin.

Qaraqalpaqstan Respublikası Jaslar siyasatı hám sport ministrligi Málimleme xızmeti